

Lawoujòl: Sa Paran yo Dwe Konnen

Otè: Andrew N. Hashikawa, MD, MS, FAAP & Adam Ratner, MD, MPH, FAAP

Lawoujòl se yon maladi ki kontajye anpil. Se viris lawoujòl la ki lakoz. Enfeksyon an ka mennen konplikasyon ki grav e pafwa fatal. Erezman, lawoujòl se yon maladi moun ka evite gras a vaksen li.



Lawoujòl te anba kontwòl nan peyi Etazini, men nou vin wè epidemi ankò nan zòn kote pousantaj vaksinasyon yo te diminye anpil. (Gade seksyon anba a ki di *Èske timoun ki pa resevwa vaksen lawoujòl ta dwe ale lekòl pandan yon epidemi?*)

Paske lawoujòl kontajye anpil, epidemi rive byen vit. Anpil fwa, timoun ki fè lawoujòl yo pa ajou pou vaksen [ki rekòmande yo \(/English/safety-prevention/immunizations/Pages/Recommended-Immunization-Schedules.aspx\)](#) oswa yo pa [gen ase laj \(/English/safety-prevention/immunizations/Pages/Protecting-Your-Baby-from-a-Measles-Outbreak-FAQs.aspx\)](#) pou yo pran vaksen lawoujòl la.

Pwogram vaksinasyon pou timoun piti ak gran Ozetazini te rive bay yon diminisyon ki plis pase 99% nan ka lawoujòl yo depi 1963. Men, vwayajè k ap vin vizite oswa k ap retounen Ozetazini ki soti nan peyi lot bo dlo ka pwopaje lawoujòl bay moun ki arisk yo epi ka lakòz yon [epidemi \(https://www.cdc.gov/global-measles-vaccination/data-research/global-measles-outbreaks/\)](https://www.cdc.gov/global-measles-vaccination/data-research/global-measles-outbreaks/).

Depi yo rapòte yon premye enfeksyon lawoujòl la nan yon kominote, li konsidere tankou yon epidemi paske lawoujòl gaye rapid. Ekspè nan sante lokal yo dwe travay byen vit pou idantifye lòt moun ki te ekspoze yo pou yo ka anpeche lawoujòl pwopaje bay lòt moun.

Konsèy pou vwayaj aletranje pou fanmi ki gen timoun piti

- **Tibebe ki gen mwens pase 6 mwa** pa ka pran vaksen lawoujòl la men yo ka gen kèk pwoteksyon gras ak antikò ke yo resevwa de manman yo pandan gwosès la. (Gade "[Kijan Vaksen yo Fonksyone.](#)") Panse pou ta ranvwaye vwayaj pou ale kote ki gen epidemi lawoujòl yo pou evite risk maladi grav.
- **Tibebe ki gen laj 6 rive 11 mwa ta dwe** resevwa premye dòz vaksen MMR la o mwens 2 semèn anvan yo vwayaje. Y ap toujou bezwen seri 2 dòz la si yo te resevwa yon dòz anvan laj 12 mwa.
- **Tibebe 12 mwa oswa plis yo**, ta dwe resevwa premye dòz vaksen MMR la avèk lot vakens ki **rekomande** nan laj sa yo. Tibebe ki gen 12 mwa oswa plis yo dwe resevwa yon dezyèm dòz vaksen MMR 28 jou apre premye dòz la.
- **Avan w vwayaje**, tcheke pou jwenn konsèy sante sou sitwèb [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\) a nan seksyon Avi Sante pou Vwayaj la](#). Depandan de kote ou prale a, ou ka bezwen lot vaksen.

Nan ki nivo lawoujòl kontajye?

Lawoujòl se youn nan maladi ki pi kontajye sou la te. An reyalyte, [9 moun sou 10](#) (<https://www.cdc.gov/measles/resources/measles-is-highly-contagious-infographic.html>) ki ekspozè ak maladi lawoujòl pral atrap li tou: si yo pa t pran vaksen an, si yo pa t gen maladi a anvan oswa si yo gen yon pwoblèm nan sistèm iminitè yo. Menm yon kontak trè kout ak yon moun ki enfekte nan yon menm chanm, reprezante yon gwo risk pou moun ki pa vaksinen yo.

Pandan konbyen tan yon moun ki gen lawoujòl kontajye?

Moun ki gen lawoujòl yo kontajye anvan yo konnen ke yo maladi. Yon moun ki enfekte ka pwopaje lawoujòl bay lòt moun byen fasil 4 jou anvan gratèl la parèt, e li toujou kontajye 4 jou apre gratèl la parèt.

Kijan lawoujòl pwopaje?

Lawoujòl pwopaje soti nan yon moun ale jwenn yon lòt, ak nan lè a: nan ti gout respiratwa ki soti nan yon timoun k ap touse oswa k ap etènye. Viris la ka viv pandan dezèdtan sou sifas oswa nan lè a. Yon moun ki antre nan yon chanm kote yon moun ki gen lawoujòl te pase avan sa ka atrap maladi a. Viris la ka vwayaje tou nan kouran dè, epi al enfekte moun ki nan yon lòt chanm.

Menm yon ekspozisyon tout kout ak viris la reprezante yon gwo risk enfeksyon pou nenpòt moun ki pa ajou avek vaksen lawoujòl yo, oswa ki pa t gen lawoujòl anvan. Moun ki gen maladi ki afebli sistèm iminitè yo gen gwo risk tou pou yo enfekte.

Ki sentòm lawoujòl?

Siy komen enfeksyon lawoujòl yo gen ladan yon gwo lafyèv ak gratèl. Gratèl la parèt anjeneral 3 rive 5 jou apre premye sentòm yo. Li kòmanse sou tèt la epi li gaye nan rès kò a.

Anplis lafyèv ak gratèl la, men lot sentom, moun ki gen lawoujòl yo Ka genyen:

- Tous, nen k ap koule, ak je wouj k ap fè dlo
- Ti tach pa anndan bouch la nan zòn machwè a, yo rele
- tach Koplik (<https://medlineplus.gov/ency/imagepages/2558.htm>)
- Dyare
- Enfeksyon nan zòrèy



Lawoujòl ka mennen **konplikasyon ki grav** (<https://www.cdc.gov/measles/signs-symptoms/>), tankou nemoni, ansefalit (sèvo anfle) , vin soud, andikap entelektyèl e menm lanmò.

Konbyen tan sa pran pou ou gen lawoujòl apre ou fin ekspoze ak li?

Sentòm lawoujòl yo kòmanse apeprè 8 ak 12 jou apre pitit ou a te ekspoze ak viris la. Si pitit ou a te ekspoze ak yon moun ki gen lawoujòl, rele pedyat ou touswit. Yo ka verifye dosye sante pitit ou a. Si sa nesèsè, pedyat ou a ka fè aranjman pou egzamine pitit ou a san yo pa mete lòt moun an danje.

Konbyen tan yon timoun ki gen lawoujòl ta dwe fè lakay li san li pa ale lekòl?

Timoun ki gen lawoujòl ta dwe rete lakay yo san yo pa ale lekòl oswa nan gadri jiska omwen 4 jou konplè apre kòmansman gratèl la, lè yo pa kontajye ankò.

Èske timoun ki pa t pran yon vaksen kont lawoujòl ta dwe ale lekòl pandan yon epidemi?

Pandan yon epidemi lawoujòl, sonje:

- Timoun ki pa t resevwa yon vaksen lawoujòl (vaksen MMR oswa MMRV) pa ta dwe ale lekòl.
- Timoun ki pa iminize ki pa t ekspoze ak yon moun ki gen lawoujòl, yo ka retounen lekòl oswa nan gadri imedyatman apre yo fin resevwa yon dòz vaksen MMR oswa MMRV.
- Timoun ki pa te vaksinen men ki ekspoze ak yon moun ki gen lawoujòl, si yo resevwa yon doz vaksen MMR oswa MMRV, anvan 72 èdtan pase depi ke you te ekspoze a, yo kapab retounen lekòl oswa nan gadri imedyatman.
- Timoun ki pa vaksinen ki te ekspoze ak yon moun ki gen lawoujòl men ki resevwa yon dòz vaksen MMR oswa MMRV plis pase 72 èdtan apre premye ekspozisyon yo pa ta dwe ale lekòl la pandan 21 jou apati moman dènye ekspozisyon (ki pi resan) an.
- Timoun ki pa vaksinen ki pa resevwa vaksen MMR oswa MMRV pandan epidemi an, kèlkeswa si yo konnen yo te ekspoze ou pa, ta dwe eskli pandan 21 jou apre aparisyon gratèl nan dènye ka lawoujòl ki te parèt nan lekòl la oswa nan kominote a.

Pedyat ou a ka fè w konnen ki lè l ap bon pou pitit ou a retounen lekòl oswa nan gadri. Sa ap ede evite pwopagasyon lawoujòl bay lòt moun ki ka pa ka resevwa vaksen an akòz laj yo oswa akòz yon kondisyon ki afekte sistèm iminitè yo.

Kijan ou anpeche pwopagasyon lawoujòl?

Lawoujòl se yon maladi ke yo ka evite gras a vaksen lawoujòl la (MMR oswa MMRV). Apeprè 95 sou chak 100 moun ap pwoteje apre yo fin resevwa yon dòz vaksen MMR. De dòz vaksen MMR pwoteje 97-99 sou chak 100 moun.

Pou evite maladi a, ou dwe vaksine selon [orè ki rekòmande a \(/English/safety-prevention/immunizations/Pages/Recommended-Immunization-Schedules.aspx\)](https://www.cdc.gov/immunizations/Pages/Recommended-Immunization-Schedules.aspx)— lè yon timoun gen ant 12 ak 15 mwa laj, ak yon dezyèm dòz nan [kontwòl sante yo \(/English/ages-stages/Your-Childs-Checkups/Pages/your-checkup-checklist-4-years-old.aspx\)](https://www.cdc.gov/immunizations/Pages/your-checkup-checklist-4-years-old.aspx) lè yo gen laj ant 4 ak 6 lane. Kèk timoun ki gen plis risk ka bezwen 3 dòz si gen yon epidemi maladi.

Tibebe ki gen laj 6-12 mwa ka pran yon [vaksen kont lawoujòl \(/anglè/safety-prevention/immunizations/Pages/Protecting-Your-Bebe-from-a-Measles-Outbreak-FAQs.aspx\)](https://www.cdc.gov/immunizations/Pages/Protecting-Your-Bebe-from-a-Measles-Outbreak-FAQs.aspx) pandan yon epidemi oswa anvan yon vwayaj nan yon [zòn etranje \(https://www.cdc.gov/measles/travel/index.html\)](https://www.cdc.gov/measles/travel/index.html) ki gen yon epidemi lawoujòl ki aktif.

Sonje

Timoun ki pran vaksen MMR devlope yon iminite dirab, epi sa pwoteje lòt moun. Lè pifò nan nou gen iminite kont lawoujòl, li gen mwens chans pwopaje. Si ou panse pitit ou a te ekspoze ak yon moun ki gen lawoujòl, rele pedyat ou touswit.

Apwopo Dr. Hashikawa



Andrew **Hashikawa, M.D., M.S., FAAP**, se yon pwofesè klinik nan depatman Medsin Ijans ak Pedyatri nan Michigan Medicine e li se yon doktè pratikan nan medsin dijans pedyatrik nan Mott Children's Hospital nan University of Michigan Li se yon manm nan Komite Egzekitif Konsèy pou Timoun Piti American Academy of Pediatrics la e li se yon militan pou timoun piti e li se yonkonsiltan nan swen sante pou timoun. Rechèch li yo konsantre sou siveyans maladi enfektye nan pwogram swen pou timoun yo.

Apwopo Dr. Ratner



Adam **Ratner, MD, MPH, FAAP**, se yon ekspè nan maladi enfektye lakay timoun nan New York University Grossman School of Medicine and Hassenfeld Children's Hospital, New York. Li se yon manm nan Komite sou Maladi Enfektye nan

Dènye Mizajou 1/3/2024

Sous American Academy of Pediatrics (Copyright @ 2024)

Yo pa ta dwe itilize enfòmasyon ki sou sitwèb sa a kòm yon ranplasman pou swen medikal ak konsèy pedyat ou a. Kapab gen varyasyon nan tretman yo ke pedyat ou a ka rekòmande ki baze sou reyalite endividyèl ak sikonstans.

Limit responsabilite: Resous sa a sipòte pa Akò Koperativ Nimewo 6NU38OT000282-05-05 ki jwenn finansman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo. Kontni li yo se responsablite otè yo sèlman e yo pa nesèsman reprezante opinyon ofisyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) oswa Depatman Sante ak Sèvis Imen (Department of Health and Human Services).